

Timoun ki wè vyolans k ap fèt anba je yo kapab:


- vin pè papa yo epi pa fè papa yo konfyans ankò
- santi yo pè pou sa ki kapab rive manman yo
- santi yo tris epi viv avèk kè kase
- pa travay byen lekòl
- sove kite lakay yo
- fè move rèv tou tan
- aji ak vyolans ak lòt timoun
- rete apa, pa patisipe nan aktivite, pa fè zanmi
- grandi ak lide vyolans se yon bagay ki nòmal
- elatriye

Nan kominote kote moun pa pale kont vyolans, men sa ki ka pase:

- kominote a pèdi patisipasyon fanm yo nan anpil aktivite
- kominote a depanse anpil resous ki ta ka sèvi pou lòt bagay nan pote repons kont vyolans sou fanm
- anpil move zak, krim ap fèt nan kominote a
- enstitisyon yo pa kapab bay bon pèfòmans akòz yo gen twòp travay pou yo fè (lopital, lapolis, sa ki bay èd...)
- kominote a pa pran chemen devlopman kòm sadwa
- enfeksyon VIH/SIDA ogmante anpil
- manke solidarite ak antant nan mitan manm kominote a
- elatriye

Rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak VIH/SIDA

Lè fanm ak tifi manke pouvwa nan relasyon yo ak lòt moun, nan fanmi yo ak nan kominote yo, yo pi vit viktim vyolans e li pi fasil pou yo pran VIH ak SIDA. Pou anpil fanm ak tifi, vyolans yo sibi mennen enfeksyon VIH/SIDA. Pou anpil lòt, se sityasyon VIH yo ki mennen vyolans, ki kapab fè SIDA devlope pi vit. Vyolans sou fanm ak VIH ak SIDA makonnen youn ak lòt.



Vyolans sou fanm lakòz VIH/SIDA, konsa tou li se konsekans VIH/SIDA.

Bay kout men pa w !

SASA! se yon mouvman ki genyen nan zòn kote w rete a pou bare wout vyolans sou fanm ansanm ak VIH/SIDA. Genyen anpil moun ki rete nan kominote a k ap travay ansanm pou yo pote bon jan chanjman.

Si w bezwen plis ransèyman sou SASA!, kontakte nou: Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • Beyond Borders (011) 202 686 2088 • www.beyondborders.net
Pou vèsyon orijinal SASA! ann Angle: www.raisingvoices.org/sasa
Tèks sa a, se yon adaptasyon vèsyon orijinal SASA! Raising Voices ak ilistrasyon atis Marco Tibasima.
Se yon ekip Repanse Pouvwa/Beyond Borders avèk atis Chevelin Pierre plis grafis EducaVision ki reyalize adaptasyon an pou Ayiti.



Vyolans sou fanm

Enfòmasyon nou dwe konnen

Kisa vyolans sou fanm ye?

Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik) ki fèt sou fi epi ki fè mal, e ki ka menm koze lanmò; li la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa ak kontwòl lòt moun.

Yo fè vyolans sou fanm toupato sou latè. Fanm tout ras, fanm tout kilti, fanm tout nasyonalite, fanm tout relijyon, fanm tout laj, fanm tout klas sibi vyolans. Se yon pwoblèm dwa moun ki fè nou tout mal.

Kalite vyolans yo fè sou fanm

Moun konn panse vyolans sou fanm se sèlman vyolans fizik—tankou baton, kalòt, bourad. Alòske vyolans fizik se youn nan plizyè kalite vyolans yo fè sou fanm. Se pa sèl vyolans sa a ki genyen sou fanm. An reyalyite, gen 4 kalite vyolans diferan yo fè sou fanm. Men yo: vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans emosyonèl, ak vyolans ekonomik.

Vyolans fizik se tout zak ki fè yon fanm oubyen yon tifi mal nan kò li. Nan vyolans fizik, genyen:

- baton
- koule
- kalòt
- kout pye
- atak avèk zam oubyen kouto
- kou
- bourad
- kout pwen
- peze kou
- touye yon fanm oubyen yon tifi
- toufe
- trangle
- elatriye

Se vyolans fizik moun plis kapab wè, men gen anpil fanm ki eseye cache mak vyolans sou kò yo paske yo wont oubyen yo pè pou lòt moun pa ba yo move non pote.

Vyolans seksyèl se tout zak ki desann valè yon fanm pa rapò ak kò li, nan vi seksyèl li oubyen nan kapasite li pou li fè pitit.

Nan vyolans seksyèl, genyen:

- **fè bagay fòse**—se lè yo jennen yon fanm yon kote pou yo fòse l fè bagay; moun ki fè l sa a se ka mari li oubyen menaj li, yon moun li konnen oubyen yon moun li pa konnen; yo rele sa “kadejak” tou
- **presyon pou fè bagay**—lè yo bay yon fanm presyon pou li fè bagay—emosyonèlman, sosyalman oubyen ekonomikman, paregzanp, lè yo fè presyon sou yon fanm pou li fè bagay san pwoteksyon oubyen nan kondisyon ki ka fè l pran VIH/SIDA
- **agresyon seksyèl**—kontak seksyèl oubyen apwòch seksyèl tankou pawòl, jès ki pa fè fanm plezi
- **fè bagay ann echanj lajan oswa favè**—lè yo fè presyon sou yon fi pou li fè bagay pou lajan oubyen pou yon sèvis kèlkonk ak yon moun li pa nan relasyon avè l
- elatriye

Vyolans seksyèl se yon bagay k ap fèt tout tan nan kominote nou yo men anpil fwa se yon bagay cache. Anpil fanm ak gason pa menm wè sa yo sibi oubyen zak yo komèt se vyolans seksyèl.

Vyolans emosyonèl se tout abi sikolojik, tout abi vèbal tankou jouman, oubyen ankò tout aksyon ki pou kenbe moun anba kontwòl.

Nan vyolans emosyonèl, genyen:

- rele sou fanm
- pran lòt fanm sou kote
- imilyasyon
- mank dega
- menas
- entimidasyon/presyon
- izolasyon
- kenbe moun nan yon kwen
- elatriye
- anpeche li gen zanmi
- kontwòl

Vyolans emosyonèl kapab fè mal menm jan ak lòt kalte vyolans yo. Fanm ki sibi vyolans fizik, vyolans seksyèl oubyen vyolans ekonomik sibi vyolans emosyonèl tou.

Vyolans ekonomik se tout zak ki atake byennèt ekonomik yon fanm oswa yon tifi tankou libète pou fanm sèvi ak lajan pou pwòp desizyon pa li, oubyen tout zak ki baze sou lajan, byen materyèl pou kontwole fanm.

Nan vyolans ekonomik, genyen:

- pa bay yon fanm lajan oswa manje nan lide pou pini fanm nan pou yon bagay kèlkonk
- anpeche yon fanm fè lajan
- poze grapen sou lajan oswa byen yon fanm
- abandònman
- derefize yon fanm patisipe nan desizyon ki gen arevwa ak lajan, byen materyèl
- elatriye

Nan kominote nou yo, anpil fanm depann de mari yo, papa yo oubyen frè yo pou pi fò bezwen yo. Mòd depandans sa a konn fè medam yo pran nan pèlen relasyon ki gen vyolans.

Toule 4 kategori vyolans sou fanm se gwo pwoblèm nan kominote nou yo. Tout vyolans fè fanm mal. Tout vyolans gen move konsekans sou lavi yo. Non sèlman vyolans sou fanm fè tout fanm ak tifi mal nan kominote nou an, vyolans sou fanm fè tout gason ak ti gason mal tou, epi sa fè fanmi nou, zanmi nou, vwazen nou ak tout kominote a mal tou.

Poukisa gen vyolans sou fanm ?

Vyolans sou fanm se konsekans dezekilib pouvwa ki genyen ant fanm ak gason. Nan pi fò kominote, yo fè moun kwè gason gen plis valè ak plis pouvwa pase fi. Yo menm fè kwè gason gen devwa ak reskonsablite pou mete fanm sou kontwòl, bay fanm disiplin ak dwa pou yo pini fanm tou.

Men, lè yon granmoun ap kontwole lavi ak desizyon yon lòt granmoun, sa pa bon ditou, se enjistis sa ye. Nan yon relasyon, lè yon moun sèvi ak pouvwa li pou li pran kontwòl relasyon an, se vyolans sa ye. Anpil kote sou latè, kit se an gwoup oubyen youn pa youn, yo bay gason plis pouvwa pase fanm. Lè gason yo sèvi ak mòd pouvwa sa a epi moun nan kominote kote sa rive pa di anyen, yo kase fèy kouvri sa, se teren manm kominote a prepare pou vyolans sou fanm pran rasin nan kominote a.

Kèk detay sou vyolans sou fanm

Vyolans sou fanm se yon pwoblèm grav toupatou sou latè.

Medam ki sibi vyolans pi an danje pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA.

Etid yo fè montre fanm ki sibi vyolans gen 3 fwa plis chans pou yo pran VIH/SIDA pase fanm ki pa sibi vyolans.

Fanm ki gen VIH/SIDA pi an danje pou yo sibi vyolans.

Fanm ki gen tès VIH/SIDA yo pozitif an danje pou yo sibi vyolans nan men gason ki avèk yo, nan fanmi yo e nan kominote yo. Yo konn bat fanm sa yo, abandone yo, pran pitit nan men yo, mete yo deyò nan kay. Mòd vyolans sa yo diminye posibilite pou fanm yo jwenn bon jan enfòmasyon ak bon tretman. Mòd vyolans sa yo kapab afebli sante fizik ak sante emosyonèl fanm yo e fè SIDA pran pye pi vit sou yo.

Konsekans vyolans sou fanm

Vyolans sou fanm fè nou tout mal. Youn nan konsekans vyolans sou fanm ki pi grav se enfeksyon ak enfeksyon VIH/SIDA. Men enfeksyon VIH/SIDA se pa sèl konsekans grav vyolans sou fanm genyen, vyolans sou fanm gen anpil lòt konsekans grav pou tout moun ki ap viv nan yon kominote.

Men sa ki ka rive fanm ak tifi ki sibi vyolans:

- manke konfyans nan tèt yo
- evite patisipe nan aktivite
- sispann al wè zanmi, fanmi
- gen mak blese moun ka wè sou kò yo
- yo tris e yo santi yo pa gen valè
- vin gen plis pwoblèm sante, tankou atrap maladi moun pran nan fè bagay, nan men gason ki avè yo
- gen kè-kase, santi yo pè
- yo pa kapab, oubyen yo pè pran desizyon pou sante yo
- viv ak lapenn lakay yo
- pè gason ki ansanm avèk yo
- kouri gwo ris pou yo pran enfeksyon viris VIH/SIDA
- elatriye

Mesye ki fè vyolans sou fanm kapab:

- santi yo sou tansyon, yo fache
- mete moun sou tansyon lakay yo
- gen timoun ki pè yo, ki pa fè yo konfyans
- manke entimite ak satisfaksyon nan vi seksyèl yo
- gen madanm yo ki pa gen afeksyon pou yo epi ki pa fè yo konfyans
- yo imilye, yo rejte nan fanmi ak kominote yo
- santi lòt moun pa respekte yo
- santi presyon pou yo kontinye sèvi ak pouvwa lakay yo, santi yo pa ka chanje metòd
- oblije depanse lajan nan trete blesi yo fè nan zak vyolans yo
- elatriye